



Rezolisyon No. 4

Rezolisyon Komisyon Revizyon Konstitisyon an pou aksepte Rapò Preliminè a ak rekòmandasyon manm yo.

ETANDONE ke nan dat 22 me 2024, Majistra Vil New York la te etabli Komisyon Revizyon Konstitisyon an dapre seksyon 36(4) ak 36(6)(d) Lwa sou Otonomi Minisipal Eta New York; epi

ETANDONE ke Majistra Vil New York la te nonmen trèz moun pou fè pati Komisyon Revizyon Konstitisyon Vil New York la (apre sa "Komisyon an") dapre seksyon 36(4) Lwa sou Otonomi Minisipal la; Epi

ETANDONE ke manm Komisyon an yo te pibliye Rapò Preliminè Komisyon Revizyon Konstitisyon an jou 24 jen 2024 la ki idantifye pwèn enpòtan yo sou baz temwayaj Komisyon an te resevwa nan men piblik la, ajans vil la yo ansanm ak fonksyonè leta yo; epi

ETANDONE ke Rapò Preliminè Komisyon Revizyon Konstitisyon an gen rekòmandasyon manm Komisyon an yo konsènan sekirite piblik, responsablite fiskal, kontra gouvènman an, ak modènizasyon gouvènman an; epi

ETANDONE ke rezolisyon sa a fè konprann ke Komisyon an aksepte Rapò Preliminè Komisyon Revizyon Konstitisyon an kòm yon sentèz enfòmasyon Komisyon an te egzamine jiska prezan epi entansyon Komisyon an pou pran an konsiderasyon rekòmandasyon manm yo lè Komisyon an ap deside sou dènye pwopozisyon yo pral prezante bay votè yo nan eleksyon jeneral 5 novanm 2025 lan; epi

Konsa, kounye a, REZOLISYON an se ke Komisyon Revizyon Konstitisyon Vil New York la mande manm yo pou yo kontinye egzamine rekòmandasyon ki nan Rapò Preliminè Komisyon Revizyon Konstitisyon an, epi pou yo mete ladan li tou egazamen detaye pwopozisyon pou ranfòse operasyon konsèy kominotè yo epi amelyore pwosesis kontra vil la;

Epi genyen kòm REZOLISYON anplis, devan kantite temwayaj siyifikatif ki te prezante devan Komisyon an konsènan refòm elektoral, Komisyon Revizyon Konstitisyon Vil New York la mande manm yo pou yo revize ak anpil atansyon tout refòm elektoral ki prezante devan Komisyon an nan Dèny Rapò Komisyon an, avèk yon rekòmandasyon pou yon Komisyon Revizyon Konstitisyon alavni konsidere refòm elektoral la;

Epi genyen kòm REZOLISYON anplis ke Komisyon an pral kontinye revizyon Konstitisyon an antye epi li pral konsidere tout lòt pwoblèm ki te souleve swa nan seyans piblik yo, atravè temwayaj

ekri, oswa ki soti nan men anplwaye ki pa figire pami sa ki site la a, epi Komisyon Revizyon Konstitisyon Vil New York la mande pou manm yo konpile tout enfòmasyon anplis yo te reyini pou Komisyon an pran an konsiderasyon nan preparasyon Dènye Rapò a;

Epi genyen kòm REZOLISYON anplis ke Komisyon Revizyon Konstitisyon Vil New York la mande manm yo pou prepare yon Dènye Rapò ansanm kesyon epi rezime bilten vòt yo ki respekte direktiv ki anwo a yo ansanm ak lòt amannman ke Prezidan an ka jije nesèsè ak apwopriye avèk notifikasyon pou Komisyonè yo, epi a kondisyon ke Dènye Rapò sa, ansanm ak kesyon epi rezime bilten vot sa yo reflekte tout pwopozisyon Komisyon an, rive jwenn Komisyon an anvan 25 jiyè 2024 pou li konsidere si li ta dwe mete pwopozisyon sa yo devan elektè yo nan eleksyon jeneral ki gen pou fèt 5 novanm 2024 la.

Dat: 26 jen 2024

Konfime pa yon vòt nan 7 an favè, 0 opoze, ak 0 abstansyon